6. Madeg ing wukir Candrageni, prabu Setmata, ingkang suwau nata ing Mendhangkamulan, kasiku dening sang Hyang Girinata, amargi mendhet garwa Dewi Sriyati, Ing mangka Dewi Sriyati punika sesengkeranipun sang Hyang Girinata, lajeng kasebut nama resi Setmata, misuwur mancanagari guna kasaktenipun, resi Setmata nuju lenggah kaliyan ingkang rayi ipe nama sang Hyang Sriyana, dereng dangu kadhatengan tiyang estri kakalih, satunggal nama pun Mayi, tiyang ing dhusun Karja, nyuwun pitaken,: Barangipun awarni supe kancana ical, winarah ing resi, lamun susupenipun badhe pinanggih. Setunggalipun nama pun Milak, nyuwunaken jampi anakipun nandhang sakit barah, kaparingan usada kunir, tiyang estri kakalih wau lajeng sami lumengser saking ngarsa mantuk dhateng griyanipun, lajeng kasaru dhatengipun ingkang garwa Dewi Sriyati kaliyan ingkang putra Bambang Srigati, sang resi sakalangkung suka. Dereng dangu kasaru rawhipun sang Hyang Narada, andhawuhaken timbalanipun sang Hyang Girinata, lamun sang resi kapinta sraya dening sang Hyang Endra, anyirnakna mengsah saking Gilingwesi nama prabu Watugunung. Sasampunipun andhawuhaken, sang Hyang Narada kondur makahyangan, resi Setmata pamit ingkang garwa, lajeng semadi natek aji pameling. Boten dangu kapal mawi elar (kapal Sembrani) dhateng, katitihan ing resi Setmata kaliyan sang Hyang Sriyana, napak ing gagana dumugi ing karang ka-Endran, sapengkeripun resi



Setmata, Bambang Srigati pamit ingkang ibu nedya nusul ingkang rama, lajeng pangkat.

7. Madeg ing karang ka-Endran, sang Hyang Endra, miyos ingadhep para putra, sang Hyang Citragada, Citrasena, Citrarata, Bambang Arjunawinanga. Sang Hyang Endra langkung sungkawa, ginem ngarsa-arsa dhatengipun ingkang uwa sang Hyang Narada, ingkang sagah ngupaya sraya. Dereng dangu sang Hyang Narada rawuh ambekta resi Setmata kaliyan sang Hyang Sriyana. Sasampunipun bage-binage, sang Hyang Narada ngandika, bilih resi Setmata sagah kapinta sraya. Sang Hyang Endra langkung suka, resi Setmata kadhawan anyirnakaken mengsah saking ing Gilingwesi, sagah. Kasaru dhatengipun Bambang Srigati, sang Hyang Endra andangu," Sinten lare dhateng punika", resi Setmata matur, Bilih punika ingkang putra Bambang Srigati. Sasampunipun para jawata sami siyaga dadameling yuda, lajeng bidhal saking karang ka-Endran, kanthi prajurit dorandara umiring resi Setmata. Sareng dumugi ing Repatkapanasan, para wadya dorandara tempuh prang kaliyan wadya ditya saking Gilingwesi, para dorandara prangipun kaseser, resi Setmata kaliyan Bambang Srigati magut ing yuda, para wadya ing Gilingwesi kathah kapupu pejah, kuwandanira muksa, patih Suwelacala lalayu, mantuk dhateng ing Gilingwesi, nedya matur ing gustinipun.
8. Madeg prabu Watugunung, kaadhep ingkang putra raden Sindhula, tuwin para punggawa, ginem angarsa-arsa carakanira ingkang kautus ambedhah ing Suralaya. Dereng dangu dhatengira patih Suwelacala, atur pariksa, bilih para rayi sami sima ing rana dening pamukipun resi Setmata. Sang prabu Watugunung duka yayah sinipi, lajeng angundhangi para wadya, kebut bidhal dhateng Suralaya, nedya ngantep prang. Raden Sindhula kaliyan patih Suwelacala kanton tangga praja.
9. Madeg ing pabarisan, para dewa tuwin resi Setmata, ingkang taksih makuwon ing Repatkapanasan, ing ngriku sami mangalembana dhateng kadibyaning resi Setmata, tuwin ingkang putra Bambang Srigati, anggenipun mangsah ing rana. Kasaru

para jawata saking Suralaya, dutaning sang Hyang Girinata,; sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sang Hyang Yamadipati, sami arsa ambantu ing yuda. Kasaru dhatengipun dorandara ngaturi priksa, bilih mengsah saking Gilingwesi dhateng, sadaya wau lajeng sami angirabaken para prajurit dorandara, ingkang dados senapati Bambang Srigati, tuwin resi Setmata, sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sareng dumugi ing rana, tempuh prang langkung rame. Bambang Srigati tandhing lawan raden Dhukut, raden Dhukut pejah jinemparing. Prabu Watugunung mangsah, kapapagaken kaliyan resi Setmata, prang langkung rame, gantya kalindhih. Dangu-dangu prabu Watugunung kening kacepeng, tinaman sagung dadamel tan pasah, lajeng katrap rodhining pedhati, piniles ing pedhati sirna, kuwandanira musna dados dewa, sakantunipun wadya ing Gilingwesi sami teluk, saweneh wonten ingkang lumajeng.

10. Madeg sang Hyang Endra, dhatengipun para ingkang sami unggul ing yuda, sang Hyang Endra langkung suka, sang Hyang Narada ugi langkung suka lawan ngungun dhateng kadibyanipun resi Setmata, lajeng kairid sowan dhateng ing ngarsanipun sang Hyang Girinata.
11. Madeg ing kahyangan Jonggringsalaka, sang Hyang Girinata miyos, ingadhep para jawata, dhatengipun sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sang Hyang Yamadipati, matur solahira dinuta. Dereng dangu dhatengipun sang Hyang Narada ambekta resi Setmata, katur sang Hyang Girinata, denira mungkasi kardi. Sang Hyang Girinata lajeng adhadhawuh, resi Setmata katetepaken madeg nata malih wonten ing medhangkamulan, nama prabu Setmata, inggih prabu Wisnupati, lawan praja ing Gilingwesi kabawah dhateng Medhangkamulan, sang prabu Setmata matur sandika, lajeng bidhal, para jawata sami umiring, sapraptaning praja Medhangkamulan lajeng sami lenggah satata, kasaru dhatengipun punggawa, atur uninga, wonten danawa kathah damel resesah wonten alun-alun, inggih punika para danawa, wadyanipun prabu Watugunung sisaning pati. Resi Setmata medal kaliyan para jawata, prang sampak, danawa sami pejah sadaya.
Lajeng sami lenggah mangun bojana andrawina, sang Hyang



Prabu Karungkala



PNRI



Balai Pustaka

Bayu tuwin ingkang raka sang Hyang Brama pamit kondur.
Tanceb kayon.

III. LAMPAHAN MUMPUNI

1. Jejer ing Suralaya, sang Hyang Pramesthiguru, miyos ing pancaniti, siniwi sang Hyang Narada, sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sang Hyang Endra, sang Hyang Panyarikan, sang Hyang Patuk, sang Hyang Tamboro, pepak para dewa kang anangkil, ingkang rinembag,: Ing Suralaya badhe kainggahan mengsah saking Jurangparang, dutanira prabu Karungkala. Awit sang yaksendra tinampik panglamarira maring Dewi Mumpuni, ingkang samangke sampun pinaringaken dados garwanira sang Hyang Yamadipati. Sang Hyang Guru dhawuh mring sang Hyang Narada, wadya dorandara kinen sami pacak baris wonten Repatkepanasan, sasampunira dhawuh, sang Hyang Pramesthiguru lajeng kondur ngadhaton.
2. Madeg ing gupit Mandragini, sang padniwara Dewi Uma, pinarak ing pananggap prabasuyasa, ingadhep para parekan cethi. Kasaru rawuhira sang Hyang Pramesthiguru, pinethuk ingkang garwa Dewi Uma, kinanthi binekta lenggah satata. Sang Hyang Pramesthiguru imbal wacana mring garwa, bilih ing Suralaya badhe kainggahan mengsah saking Jurangparang. Kang garwa esmu sungkawa, sang Hyang Guru minggah ing sanggar pamelengan.
3. Madeg ing paseban njawi, sang Hyang Narada, sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sang Hyang Endra, sang Hyang Panyarikan, sang Hyang Yamadipati, sang Hyang Patuk, sang Hyang Temboro. Ginem, : Denira tampi dhawuhing sang Hyang Guru, kinen sami pacak baris wonten Repatkepanasan, sasampunira siyaga lajeng bidhal.
4. Madeg ing Saptapratala, Dewi Superti, kasaru rawuhira sang Hyang Anantaboga, sang Hyang Anantaboga dhawuh mring kang garwa Dewi Superti, kinen adamel gambaripun para widadari sadaya, sarta sawarnining anaking para dewa, kang



Dewi Mumpuni



PNRI



Balai Pustaka

sampun kangkat ambekta gamaning ngrajurit kinen tumut aprang. Sasampuning tampi dhawuh, Dewi Superti lajeng tindak ing panyeratan, lajeng anggambar para widadari, sampun dados, Dewi Superti lajeng medal ing njawi murugi kang putra Bambang Nagatatmala, Dewi Superti ngandika mring putra, dipun purih sampun kesah-kesah, awit saking dhawuhing sang Hyang Narada, anakipun para jawata ingkang sampun kuwawi nyepeng gagamaning ngayuda, kadhawuhan dados prajurit, sarta lajeng baris dhateng Repatkepanasan, mapag ing yuda. Dewi Superti sasampuning dhawuh mring putra Bambang Nagatatmala lajeng kondur, arsa nusul sare ingkang raka sang Hyang Anantaboga.

Mangkana sakondurira Dewi Superti, Bambang Nagatatmala, ingadhep Semar, Nalagareng, Petruk, Bambang Nagatatmala dhawuh mring Semar, kados punapa gambaring widadari. Semar matur, bilih kang ibu sare kapendheta. Sasampuning malebet panyeratanipun ingkang ibu, ingkang gambar kapendhet Bambang Nagatatmala, lajeng kabekta medal tine-dahaken Semar, sarwi kinen mastani satunggal-satunggaling widadari. Semar matur, "Punika gambaripun Dewi Mumpuni, garwanipun sang Hyang Yamadipati, saweg panggih enggal-enggalan, dereng patos carem", Bambang Nagatatmala dahat kasmaran ing panggali, lajeng andangu dhateng Semar, "Kahyanganipun ing pundi, sang Hyang Yamadipati punika?". Semar matur, "Ing Argadumilah". Bambang Nagatatmala dhawuh mring Semar kinen andherek, sendika, lajeng pangkat, Bambang Nagatatmala lajeng ambutul bumi Kasapta, dumugi dharatan lajeng mumbul ing ngawiyat, kairing Semar, Nalagareng, Petruk, nedya dhateng kahyangan Argadumilah.

Madeg ing kahyangan Argadumilah, sang Hyang Yamadipati tuwin sang Hyang Brama. Ginem,: Sang Brama amit arsa ngluruk, sang Hyang Yamadipati murugi kang garwa Dewi Mumpuni, kang garwa Dewi Mumpuni rinungrum dipun arihari datan purun anglawani karsaning kakung, Dewi Mumpuni lajeng malebet ing ndalem, emban ingutus sang Hyang Yamadipati amundhut gantos mring sang dyah, emban lajeng kesah, emban damel reka-reka, damel piyambak, lajeng ingaturaken mring sang Hyang Yamadipati, sanget bingahira,



PNRI



Balai Pustaka



Bambang Nagatatmala



PNRI



Balai Pustaka

lajeng pangkat arsa nglurug, palataranira sami dipun awoni sadaya waradin, lajeng bidhal, sakesahira kang raka sang Hyang Yamadipati, Dewi Mumpuni medal dhateng ing patamanan, kasaru dhatengira Bambang Nagatatmala, anjujug wonten ing njawi patamanan kaliyan Semar, Bambang Nagatatmala ngandika mring Semar, kinen nangisi. Semar lajeng tangisan, ing lebet patamanan, sang dewi mundhut andha, emban ngupados sampun angsal, lajeng ingaturaken, ing njawi banon wonten tiyang nangis, Dewi Mumpuni mireng tiyang sami nangis, lajeng amenek ing andha, nganguk ing njawi, uninga Bambang Nagatatmala dipun tangisi, sang Dewi Mumpuni lajeng mandhap pitaken Semar, Semar matur, "Punika bandaranipun pinuju sakit, sarta punika putranipun sang Hyang Anantaboga", Dewi Mumpuni lajeng maringi ganten, Bambang Nagatatmala wungu, sang Dewi Mumpuni lajeng pinondhong, binekta malebet ing patamanan emban sumerep lajeng kesah, atur uninga ing sang Hyang Yamadipati, dhateng Repatkepanasan.

6. Madeg ing Selapanangkep, para danawa dewa ingkang tengga kori ing Suralaya, nama bathara Cingkarabala, kasaru dhatengira Bambang Nagatatmala tuwin Semar, tanya-tinanya, Semar, nedha menganipun kori, bathara Cingkarabala boten suka, wusana dados prang, bathara Cingkarabala kenging kacepeng, lajeng dipun engkuk-engkuk, sareng uwal lumajeng, Bambang Nagatatmala tuwin repat tiga lajeng lampahipun.
7. Madeg ing njawi bale Mar'cukundha, para dewa, tuwin resi, kang sami pasak baris, ginen arsa mapag ing prang, pan kasaru dhatengipun Cingkarabala, atur uninga mring sang Hyang Narada, bilih wonten satriya sumengka pangawak braja. Sang Hyang Narada dhawuh mring para dewa, kinca sami mantuk mring kahyanganipun piyambak-piyambak, lajeng sami mantuk sawongan-sawongan.
Mangkana lampahira sang Hyang Yamadipati, dumugi ing margi kapapak embanira sang Dewi Mumpuni, dinangu matur, atur uninga, bilih kang garwa Dewi Mumpuni pinothapotha satriya saking Saptapratala wonten ing patamanan, sang Hyang Yamadipati sareng mirang aturing emban lajeng rikat lampahira. Mangkana ing salabeting taman, sang kusuma

Dewi Mumpuni, tuwin Bambang Nagatatmala, saweg lenggah ingadhep Semar, Nalagareng, Petruk, kasaru rawuhira sang Hyang Yamadipati, dadya prang, sang Hyang Yamadipati kasor, lumajeng atur wuninga ing ngarsanira sang Prames-thiguru.

8. Madeg ing Suralaya, sang Hyang Guru, miyos lenggah ing bale Marcukundha, siniweng para dewa, kang munggend ngarsa Hyang Narada. Ginen demira kainggahan satriya saking Saptapratala, Cingkarabala kasor. Kasaru dhatengira sang Hyang Yamadipati, atur uninga, bilih garwa Dewi Mumpuni dipun remeni kaliyah satriya saking Saptapratala, anakipun sang Hyang Anantaboga, sapunika wonten ing lebet petamanan, sang Hyang Guru dhawuh mring sang Hyang Narada, para dewa dhinawuhan anyepeng, lajeng sami pangkat. Madeg ing patamanan Argadumilah, Bambang Magatatmala, tuwin Dewi Mumpuni, ingadhep Semar, Nalagareng, Petruk, kasaru rawuhira sang Hyang Narada, tuwin para prajurit dorandara, sasampunira tinanya, Bambang Nagatatmala cinepeng ing kathah, para dewa kasor, lajeng sami lumajeng mring ngarsanira sang Hyang Guru.
9. Madeg ing Suralaya, sang Hyang Guru, miyos lenggah ing Marcukundha, kasaru dhatengira sang Hyang Narada, tuwin para dewa, sang Hyang Narada atur uninga, bilih prajurit dorandara prangira sami kasor, samangke Bambang Nagatatmala taksih wonten patamanan, sang Hyang Guru dhawuh mring sang Hyang Narada, kinen animbali sang Hyang Anantaboga, sandika, lajeng pangkat mring Saptapratala.
10. Madeg ing Saptapratala, sang Hyang Anantaboga, lenggah, kasaru rawuhira sang Hyang Narada tuwin sang Hyang Panyarikan, sang Hyang Narada andhawuhaken timbalanira sang Hyang Guru, sang Hyang Anantaboga sandika, lajeng bidhal mring Suralaya.
11. Madeg sang Hyang Guru, lenggah ingadhep para dewa, kasaru praptanira sang Hyang Narada tuwin sang Hyang Anantaboga. Sang Hyang Guru dhawuh mring sang Hyang Anantaboga, paring uninga ing lepatira kang putra Bambang Nagatatmala, sang Hyang Guru dhawuh malih mring sang Hyang

Anantaboga sandika sagah. Sang Hyang Guru dhawuh mring para dewa, kinen angiring mring patamanan, sandika, lajeng pangkat mring taman Argadumilah.

12. Madeg ing taman Argadumilah, Bambang Nagatatmala, tuwin Dewi Mumpuni, ingadhep Semar, Nalagareng, Petruk, kasaru rawuhira kang rama sang Hyang Anantaboga, ingiring para dewa, Bambang Nagatatmala sarawuhira kang rama cinepeng, Bambang Nagatatmala binekta mring kawah Candradimuka, lajeng cinemplungaken, para dewa sami bingah sadaya. Sang Hyang Anantaboga lajeng amit mantuk, rinilan lajeng pangkat.
13. Madeg ing Saptapratala, sang kusuma Dewi Superti, lenggah ingadhep para parekan, kasaru rawuhira kang raka sang Hyang Anantaboga, sasampuning lenggah, sang Hyang Anantaboga, wawarta mring garwa Dewi Superti, bilih kang putra Bambang Nagatatmala, lepat lambangsari kaliyan garwanira sang Hyang Yamadipati, sapunika Bambang Nagatatmala linebetaken kawah Candradimuka. Kang garwa sasampuning winartan lajeng melebet ing ndalem angungkeb-ungkeb dangu, wungu lajeng anjedhul saking Saptapratala, lajeng minggah ing Suralaya.
Mangkana lampahira Dewi Superti, dumugi Repatkepanasan, lajeng uninga kawah Candradimuka, wonten mancur sacakra manggilingan, lajeng cinepeng, inggih punika tirta gesang, lajeng malebet ing nglebet kawah Candradimuka, layonira kang putra Bambang Nagatatmala, pinendhet kaentasaken, sasampunira wonten ngentasan satepi kawah Candradimuka, layonira kang putra wau tinetesan toya pagesangan, lajeng gesang, kang putra Bambang Nagatatmala jinarwan mring kang ibu, ingemutaken mantuk mring Saptapratala, pinenging wonten ing Suralaya, kang ibu Dewi Superti sanget kuwatirira. Bambang Nagatatmala dhinawuhan mring nagari Amarta, Bambang Nagatatmala matur sandika, lajeng pangkat, ingiring parepatira tiga.
14. Madeg ing Suralaya, sang Hyang Brama, sang Hyang Sambu, sang Hyang Kuwera, sang Hyang Panyarikan, tuwin para prajurit dorandara. Ginem, : Sang Hyang Brama dhawuh

pacak baris wonten sangandhaping Suralaya, sasampuning sarembag lajeng bidhal.

15. Madeg ing nagari Jurangparang, sang prabu Karungkala, miyos ingadhep patih ditya Kalamuka, tuwin para punggawa ditya, pepakkang anangkil, ginem,: Sang nata arsa krama widadari, karsanira sang nata arsa minggah mring Suralaya pribadi, patih ditya Kalamuka anjurungi, sang prabu Karungkala lajeng dhawuh mring para punggawa ditya, kinen siyaga dadamel ing prang. Sasampuning siyaga lajeng bidhal sawadya balanira maring Suralaya.

Madeg baris kang tugur wonten sangandhaping Suralaya, para dewa tuwin prajurit dorandara. Ginem, sampun dangu denira pacak baris, kasar rawuhira prabu Karungkala, sawadya balanira, arsa minggah mring Suralaya. Pasulayaning rembag dadya prang, wasana para dewa kasor ing prangira, lajeng lumajeng, arsa atur uninga ing ngarsa sang Hyang Guru.

16. Madeg ing Suralaya, sang Hyang Guru miyos ingadhep sang Hyang Narada, ginem,: Sang Hyang Guru, angarsa-arsa para dewa kang baris tugur, boten watawis dangu dhatengira para dewa prajurit dorandara, atur uninga, bilih kainggahan mengsah saking Jurangparang, raja ditya prabu Karungkala, sawadyanira, dadya prang, para dewa sami kasor sadaya, sang Hyang Guru dhawuh mring sang Hyang Narada, kinen minta sraya dhateng ing Amarta, sang Hyang Narada sandika, lajeng pangkat.
17. Madeg ing nagari Amarta, prabu Yudhisthira, miyos ingadhep kang rayi raden arya Wrekodara, raden Janaka, tuwin raden arya Nakula, raden arya Sadewa. Kasuru dhatengira Bambang Nagatatmala, ingiring Semar, Nalagareng, Petruk, kinen mangarsa, lajeng dinangu matur, sasolahira sampun katur sadaya, lajeng tinampen, pan kasar rawuhira sang Hyang Narada, sasampuning lenggah satata, sang Hyang Narada andhawuhaken timbalanira sang Hyang Guru, ingutus minta sraya, awit ing Suralaya kainggahan mengsah saking Jurangparang, prabu Karungkala sawadya balanira, para dewa sami kasor. Sang prabu Yudhisthira anyagahi, kang rayi raden arya Wrekodara, tuwin rayi raden Janaka kinen andherekaken

ing sang Hyang Hyang Narada, sandika. Sang Hyang Narada lajeng amit pangkat ingiring raden arya Wrekodara, tuwin raden Janaka mring Suralaya.

18. Madeg ing ngandhaping Suralaya, prabu Karungkala, ing Jurangparang, tuwin para punggawa ditya, kang mentas aprang kaliyan para dewa, taksih sami pacak baris, kasar dhatengira sang Hyang Narada, kanthi raden arya Wrekodara, tuwin raden Janaka, lajeng aprang. Raja ditya prabu Karungkala tandhing kaliyan raden Janaka, prang rame. Dangu-ning prang, raja ditya prabu Karungkala jinemparing pejah, patih sapunggawanira mangsah, pinapag raden arya Wrekodara, patih ditya Kalamuka tuwin para ditya sami pejah dening raden arya Wrekodara, sampak, para ditya sirna sadaya tan menggapuliha, raden arya Wrekodara, tuwin raden Janaka, lajeng sami marak mring sang Hyang Narada, sampun mangarsa, raden arya Wrekodara, tuwin kang rayi raden Janaka, sami amit mantuk mring Amarta, Wasana bojana andrawina. Tanceb kayon.

IV. LAMPAHAN MIKUKUHAN

1. Jejer prabu Dremamikukuhan ing nagari Medhangkamulan, inggih ing Purwacarita, nuju miyos siniwi mungging sitinggil binatarata, lenggah dhampar denta, siniwi ing para wadya, ingkang mungging ngarsa patih Jakapuring, brahmananing praja nama Brahmanacrita, punggawa tuwin para empu pepak mungging ngarsa, ingkang ginunem, tata tentreming praja. Kasaru rawuhira sang Hyang Narada, dinuta sang Hyang Girinata, maringaken wiji pantun, pisang, kalapa, tuwin wiji pala kapendhem, pala kesimpar, pala adeg, pala kependhem punika,: uwi, gembili, kimpul sapanunggalanipun, pala kesimpar punika,: waloh, bligo sapanunggalanipun,: pala adeg punika,: jagung, tebu, otek sapanunggalanipun, kadhawuhan nanem ing nagari Medhangkamulan, supados mirah tedha. Sasampuning katampen, sang Hyang Narada lajeng kondur makahyangan, sang prabu lajeng dhawuh dhumateng patih Jakapuring, kinen maradinaken dhateng padhusunan, lajeng bibaran.



Dewi Sakati



PNRI



Balai Pustaka



Empu Hanggajali



PNRI



Balai Pustaka

2. Madeg ing kadhaton, risang prameswari nata Dewi Darmastuti, pinuju lenggah ing prabasuyasa, ngentosi kondurira srinata. Sarawuhira saking pasewakan, srinata lajeng lenggah satata, ingkang ginunem, kawontenaning pancaniti, lajeng tindak ing pambojanan.
3. Ing pangurakan patih Jakapuring, punggawa, : kyai empu Cakut, kyai Tuwa, kyai Baru, rembag badhe lampahipun, sasampuning samapta, lajeng bidhal kapalan.
4. Madeg ing Suralaya, ing kahyangan Jonggringsalaka, sang Hyang Guru nuju miyos mungging baie Marcukundha, ingadhep para jawata, sang Hyang Brama, sang Hyang Bayu, sang Hyang Pritanjala, sang Hyang Yamadipati. Dhatengipun sang Hyang Narada, matur sarehing dinuta. Sang Hyang Guru utusan nyataken dhateng ing Purwacarita, ingkang kautus sang Hyang Pritanjala, tuwin sang Hyang Tantra, jawata kalih sami pangkat, sarta warni peksi emprit.
5. Madeg prabu Sarkil, ing nagari Najran, (tanah sabrang) pinuju miyos ing pandhapi, ingkang sumiwi patih Talkandha, punggawa sawatawis, ingkang ginunem, : Ingkang putra putri nama Dewi Sakati, supena ginarwa empu ing Gajali, ing tanah Jawi, punika sang putri sanget kayungyuning driya, anggubel datari kesah saking ngarsaning rama nata. Sang nata lajeng anuruti, wasana lajeng tindak dhateng tanah Jawi, ambekta wadya nitih palwa.
6. Madeg empu Hanggajali, mungging tepining samodra, ngemban dhawuhira sang Hyang Guru, kinen damel gagamaning ayuda. Sang Hyang empu nuju damel warastra, dhuwung sasaminipun, ingkang ngladosi kyai lurah Semar, Nalagareng, Petruk, sabibaring pandhe, empu Hanggajali leladhang. Sigeg, prabu Sarkil, ingkang numpak palwa, kadi binuncang ing dewa, baita kerem, prabu Sarkil kentir ing tirta samodra, sareng empu Hanggajali sumerep, prabu Sarkil tinulungan kabekta dhateng ing gisik, lajeng taken-tinaken, sami waleh nama tuwin sedyanira. Empu Hanggajali tinantun dadya mantunipun, lajeng kabekta dhateng nagarinipun prabu Sarkil sarwi numpak baita malih, parepat tiga andherek.
7. Madeg ing nagari Najran, Dewi Sakati, dhatengipun ingkang rama prabu Sarkil, sampun ambekta empu Hanggajali, wasana

lajeng kadhaupaken, empu Hanggajali tan suwala, watawis laminipun Dewi Sakati anggarbini, empu Hanggajali pamit mantuk dhateng pulo Jawi, awit taksih anglampahi ayahaning Hyang Girinata, kinen pandhe dadamel, lajeng bidhal numpak baita, parepat tiga tan kanton.

8. Madeg patih Jakapuring kaliyan para punggawa, kyai empu Cakut, kyai Tuwa, kyai Buru, sami andum wiji dhateng tiyang padhusunan, kacarita jawata kalih ingkang malih emprit sami ngrisak taneman pantun, katinggal risak tanemanipun gaga padhusunan wau, jinemparing dening patih Jakapuring, lajeng babar dadya jawata kalih, sang Hyang Pritanjala, sang Hyang Tantra, patih Jakapuring madhep mangarsa, pinaringan pariksa, bilih dinuta sang Hyang Girinata, anuweni hanggenipun mandum wiji wau, rehning sampun, sang Hyang Girinata sanget bingahipun, sarta winangsit lamun badhe kadhatengan dutaning Hyang Girinata malih. Patih Jakapuring kinen mantuk saprikananipun dhateng praja, jawata kakalih lajeng makahyangan, patih Jakapuring saprikananira sami mantuk dhateng Medhangkamulan.
9. Madeg ing Purwacarita (Medhangkamulan), Prabu Dremamikukuhan lenggah kalawan kang garwa Dewi Darmastuti, kasaru dhatengipun ingkang rayi patih Jakapuring, matur sasolahira sadaya hanggening dinuta. Kasaru gegering njawi, wonten celeng ngamuk, srinata miyos kaliyan patih Jakapuring, para punggawa mapag pangemuking celeng, sami kasoran, sang nata krodha anglepasi jemparing, celeng kenging jinemparing babar dados Kalagumarang, lajeng wangsul dhateng wana Krendhayana. Dereng dangu sang Hyang Endra rawuh, sang nata anembah, sang Hyang Endra maringaken gangsa Surendra, handadosna tuladanira tiyang ngarcapada, sang prabu matur nuwun, sang Hyang Endra lajeng makahyangan.
10. Madeg ing wukir Andaga, puthut Jantaka kaliyan anak-anakipun warni buron wana, ginem badhe dhateng praja Purwacarita, nedya pados tedha, lajeng bidhal.
11. Madeg prabu Dremamikukuhan, miyos siniwi patih Jakapuring, para punggawa, kasaru sowanipun punggawa, atur pariksa bilih ing dhusun-dhusun, sadaya taneman sami risak

katedha ing ama. Patih Jakapuring kautus dhateng dhusun Dhadhapan, lajeng bidhal kanthi para punggawa.

12. Madeg ing dhukuh Dhadhapan, bagawan Kanda, tuwin kang rayi bagawan Nada, kaadhep ingkang putra kakalih nama raden Sengkan, raden Turunan, patih Jakapuring dumugi ngriku matur dinuta ingkang raka nata, mundhut pitulung sarana icaling ama sadaya, bagawan Kanda ambektani ingkang putra kakalih raden Sengkan tuwin raden Turunan wau, kanthi abdi kalih anama Wayungyang kaliyan Candramawa, raden Sengkan dipun wulang mantra sarana, makaten, : Hong wirineh, wirihoyeh, masrana maswaha, kaliyan kabektanan kenthongan, raden Turunan kabektanan towok, lajeng bidhal, sadumugining Purwacarita, anjujug panggenaning ama kanthi susumbar, ama sami medal sadaya, perang rame, raden Sengkan ngungelaken kenthongan kaliyan matek mantra kadya ing nginggil wau, raden Turunan ngasta towok, kyai Wayungyang ngedalaken pangabaran, warni sagawon ayutan, kyai Candranawa ngedalaken kucing langkung kathah, sagung ama sami sima sadaya. Ing ngriku puthut Jantaka kródha ngamuk punggung, kasarengan rawuhipun prabu Dremamikukuhan, lajeng mapagaken puthut Jantaka, kenging kacepeng teluk, nyuwun papan sarta nyuwunaken papanci anakipun, ingkang taksih gesang, lajeng pinaringan papanci, nanging kang wami lembu, maesa lajeng kaingah dados sarananipun tiyang anggarap sabin, puthut Jantaka tinuduh dhateng wana Lokapala, kesah. Sang nata sawadyanira mangun suka andrawina.
Tanceb kayon.



PNRI



Balai Pustaka



 PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

